# ñaari xaaj a gi nii yu bokk ci waa sawara te gisaguma leen,ay nit yu yor ay yar yu mel ni geeni nag di ci dóor nit ñi,ak ayjigéen yu solu ba noppi rafle, jeng di jengale

Jële nañu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm-mu wax ne : Yonnente Yàlla bi-yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: "ñaari xaaj a gi nii yu bokk ci waa sawara te gisaguma leen,ay nit yu yor ay yar yu mel ni geeni nag di ci dóor nit ñi,ak ayjigéen yu solu ba noppi rafle, jeng di jengale, seeni bopp ya day mel ni jégénu giléem gu jeng,duñu dugg àjjana,te xet ga sax du leen xeeñ,te xetam ga dana toll ci doxub nangam ak sàngam".
[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yonnente bi-yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-day moytondikuloo ñaari xeeti nit yii bokk ci waa sawara te gisagu leen te amuñu woon ci jamonoom,waaye ci ginnaawam lañuy ñëw: Xaaj bu njëkk bi:ay nit yu yor ay yor yu mel ni ay geeni nag yu gudd,di ci dóor nit ñi,te ñooy alkaati yi,ak ñiy jàppale tooñkat yi ci dóor nit ñi ci ludul dëgg. Xaaju ñaareel bi: ay jigéen yu summi yérey fegu ak kersa gi ñu mooñaale jigéen ci cosaan. Mu melal leen ci ne:dañoo solu ca dëgg-dëgg,daal di rafle ci maanaa;ndax ñoom dañoo sol ay yére yu yaraax di melal seen der,di muur lenni yaram wi difeeñal leneen la;ngir wane seen taar’ Dañuy jengal xoli góor ñi mu jëm ci ñoom ngir seen coliin ak seen wanewu bu ñuy dox, dañuy jengal seeni mbagg, tey jengal ñeneen ñi jëme leen ci jàdd yoon ak ndëngte gi ñu nekk ñoom, Bokk na ci seen i melo: seen bopp yi day mel ni jégénu giléem gu jeng,ñoom dañuy rëyal seen bopp yi di ko ngandeel di ko laxas mbaa luko nuru, Niroole gi ak jégénu giléem nag ngir li seen kawar gi di yëkkatiku la,ak seen létt yi,ak ni muy dammoo ca létt ya ba day jeng jëm ci genn wet ci bopp bi mel ne ni jégénu giléem di jenge. Ku yii melo nekk ci moom kon tëkku gu tar gii mi ngi ci kawam, ci mu bañ a dugg àjjana du gis sax xet ga te du ko jege, te xetu àjjana day xeeñ ci diggante bu sori.

النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY

لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC
E-Da'wah Committee